

PAMILIHE TEMBUNG LAN LELEWANE BASA SAJRONE LIRIK LELAGON TAYUB ANGGITANE WAGIRAN PRATAMA

Khoiril Umam

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
Mirip.umam@gmail.com

Dr. Surana, S.S., M.Hum.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama bisa diarani salah sawijine karya sastra kang asale saka kedadeyan sajrone urip bebrayan. Lirik lelagon tayub iki didadekake bahan panliten amarga ditemokake pamilihe tembung lan lelewane basa kang njalari tuwuhe surasa kaendahan.

Paedahe panliten iki yaiku kanggo (1) Pangripta: panliten iki dikarepake bisa dadi bebener, lan ningkatake *kualitas* lelagone supaya ora mung nengenake hiburan wae, nanging uga ngandhut lan ngandharake karya kang mawa pesen, amanat, lan makna, (2) Bebrayan: pamidhangete bisa mangerteni saka isine lelagon lan njupuk makna uga pawarta kang kinandhut banjur ndadekake piwulangan kanggo urip bebrayan, (3) Donyane Pamulangan: panliten iki dikarepake bisa kanggo acuan panyusunan buku ajar kang ngrembag babagan diksi lan lelewane basa.

Kagiyatan panliten iki nggunakake metode *deskriptif kualitatif*. Objek kang digunakake yaiku lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama kang cacahé ana 29 lelagon, banjur dionceki kanthi tintingan *stilistika*. Dhata kang arupa ukara lan tembung iki diklumpukake kanthi cara maca, nyathet lan kapustakan.

Asile panliten iki nuduhake aspek kang onja sajrone lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama yaiku ing babagan pamilihe tembung pangripta nggunakake citraan kang trep karo isine lirik lelagon tayub lan bisa nuduhake apa sing dadi pamikire pangripta, mula bisa nuwuhake gagasan sajrone imajinasine pamaca. Lelewane basa pangripta nggunakake ukara sinekdoke, ukara personifikasi, ukara pangudarasa, ukara hiperbola lan ukara epitet.

Tembung wigati : Pamilihe Tembung, lelewane basa, stilistika

PURWAKA

Bageyan purwaka iki diprinci dadi limang subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjere panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

Landhesane Panliten

Sastra iku arupa asil pakaryan seni kreatif kang nduweni objek bebrayan. Urip bebrayan kang narik kawigatene pangripta kanggo nuwuhake ide utawa gagasan kanggo ngripta karya sastra. Sastra minangka salah siji perangane seni, sastra nggunakake basa minangka piranti kanggo ngandharake asil karyane. Basa sajrone sastra iku ngandhut ide utawa gagasan kang diolah kanthi imajinasi lan pamilihe tembung kang ngandhut makna.

Basa digunakake manungsa minangka sarana kanggo guneman tumrap urip ing bebrayan, tanpa anane basa manungsa bakal rumangsa kangelan kanggo *interaksi* marang bebrayan. Basa nggambarake perumusan makna lan nuwuhake rasa pangrasa kang cundhuk lan wis disepakati sajrone bebrayan. Basa bisa dadi daya pangribawa tumrap tumindak saben dinane bebrayan lan uga ngarahake bebrayan ing dina tembene. Panggangone basa kang paling dhasar yaiku minangka

sarana kanggo cecaturan utawa guneman. (Surana: 2018) ngandharake *konteks bentuk wacana atau Act sequence berkenaan dengan bentuk dan isi tuturan. Konteks yang terdapat dalam interaksi dan komunikasi yakni berupa pesan beserta isinya.*

Keraf (2010:113) ngandharake, gaya yaiku cara kanggo *ekspresi* utawa mbabar dhiri, lewat tumindak, basa, lan sapanunggalane. Miturut Nurgiyantoro (2005:87) gaya yaiku salah sawijine cara kanggo mbabarake basa, yaiku cara kang digawe pawongan kanggo nuduhake sawijine tumindak kang bakal *diekspresikake*. Andharan kasebut selaras karo panemune (Puspitasari M: 2015), lelewane basa yaiku panganggone kasakayane basa dening sawijine pawongan sajrone micara utawa nulis, mligine panganggone ragam basa tartamtu supaya nuwuhake efek-efek tartamtu. Saka andharan kasebut bisa didudut yaiku gaya minangka tumindak mbabarake dhiri lumantar basa utawa kang bisa diarani lelewane basa.

Ing panliten iki bakal nintingi salah sawijine karya sastra kang arupa lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama. Lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama iki kapilih amarga isi lirike ngandhut perkara-perkara kang cundhuk klawan panguripane manungsa ing bebrayan jaman saiki. Kapindho lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama kebak aspek leleawaning

basa lan pamilihan tembung. Banjur isi saka basa lan tembung sajrone lirik kasebut ngandhut makna arupa pesen, amanat, lan pawarta. Saka katelu aspek iku mau bisa nggambarake yen karya sastra anggitane Wagiran Pratama iki kalebu karya sastra kang apik kanthi nggunakake olah tembung lan olah basa kang kuat, saengga kanthi aspek kasebut bisa nuwuhake titikan utawa ciri khas Wagiran Pratama.

Wagiran Pratama salah sawijining seniman, penyanyi uga pangripta lirik lelagon tayub. Wagiran Pratama mijil ana ing tlatah Tulungagung, Jawa Timur. Dheweke wiwitan seneng ngripta lelagon tayub yaiku nalika dheweke isih dadi wiraswarane salah sawijine jaranan sentherewe sing ana ing tlatah Tulungagung, wiwit iku karyane utawa lelagon sing diripta bisa ditrima dening bebrayan nganti saiki, saengga dheweke kaliyan seniman-seniman Tulungagung ngedegake paguyuban tayub “Setyo Pradonggo”. Dheweke aweh reription lelagon-lelagon anyar sajrone paguyuban tayub kasebut, saliyané iku dheweke uga minangka wiraswarane. Dene salah sawiji asil reription kang tansah misuwur lan dadi lagu andhalane yaiku “Tembang Kangen”, “Mbledhose Gunung Kelud”, “Kacu Kuning”, “Gelang Kalung” lan isih akeh liyané.

Tayub yaiku salah sawijine wujud kesenian kang arupa tarian tledhek kang kairingi gendhing-gendhing utawa lelagon. Tayub miturut etimologi rakyat Blitar asalé saka tembung “tak uyub” (tak ombe) sing tegesé miturut penalarane manungsa sing ngelak bakal seger maneh sawise ngombe, yen digayutake yaiku tayub minangka *refreshing* utawa bisa nyegetake maneh saka pikiran *stres* krana mikirake penggaweyan lan liya-liyané. Tembung tayub yen njupuk saka katrangané Sunan Kalijaga nduweni teges kang ana gegayutane karo nilai-nilai islami. Tembung tayub asalé saka basa arab thoyibah (becik utawa apik). Wong nayub iku sejatiné kanggo golek kasampunan urip ing ndonya kanggo sangu ing akherat, mula saka iku tembung thoyibah disambung rapetake karo sampul (kain slendhang tledhek). Ing kamus Baoesastra Djawa karangané Poerwodarminto, tembung tayub tegesé “kesukaan jejogedan nganggo dijogedi ing tledhek”.

Lirik lelagon iku minangka asil karya sastrané pangripta kang tuwuh lan ngrembaka ana ing bebrayan. Sajrone reription lirik lelagon ora bisa uwal saka tembung lan basa, kang dikarepake bisa nuwuhake kaendahan wigatine kaendahan pamilihane basa lan tembung. Pangripta lelagon ora mung nguber kaendahané basa, nanging uga kudu merhatèkake isiné lirik kasebut supaya bisa narik kawigaten lan minate bebrayan. Lirik lelagon minangka sawijine karya sastra iki, tuwuh saka kasunyatan kang nggambarake kahanan sing dilakoni lan dadi pengalamane tumrap pangripta dewe uga bisa saka

kahanane bebrayan kang sabanjuré ditulis dadi sawijine lelagon. lirik lelagon kang wis karipta nduweni ancas tumrap pamirèng lan pamacane, yaiku ngenani pesen moral bisa uga warta saka pangriptané kang arupa lelagon supaya luwih penak anggoné ditrima dening bebrayan. Saben pangripta kang nulis lirik lelagon nduweni titikan lan lelewane basa kang beda-beda.

Lirik lelagon tayub yaiku salah sawijine karya sastra kang kasil karipta saka isi atiné pangripta, wujudé yaiku tetembungan kang nduweni irama utawa tetembungan kang diiramakake lan kairingan suara gamelan. Karya sastra kasebut diasilake pangripta kanthi wujud basa rinengga lan isiné mawa pesen, amanat, uga pawarta. Bisa diarani basa rinengga amarga pangripta nggunakake pamilih tembung lan lelewane basa kang mathuk.

Saka andharan ing dhuwur panliten iki luwih nengenake lan nyumurupi olah basa, mliginé ngenani pamilihé tembung lan lelewane basa kang digunakake Wagiran Pratama nalika ngripta lirik lelagoné. Saliyané iku uga mangerteni babagan sing dadi titikan utawa *kekhasan* pangripta lirik lelagon iki sing wis kondhang kaloka ing jagade lelagon tayub. Kanthi adhedhasar kang wis kaandharake ing ndhuwur, lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama iki bakal dititèngi kanthi irah-irahan “Pamilihé Tembung lan lelewane Basa Sajrone Lirik Lelagon Tayub Anggitane Wagiran Pratama”.

Punjer lan Undere Panliten

Miturut lelandhesan mau, undherane panliten sajrone panliten iki kaperang dadi papat, antarane yaiku :

- (1) Kepriye pamilihé tembung sajrone lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama?
- (2) Kepriye wujud pangolahe tembung sajrone lirik lelagon tayub sing digunakake pangripta?
- (3) Kepriye wujud citraan sajrone lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama?
- (4) Kepriye lelewane basa sajrone lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama?

Tujuwane Panliten

Adhedhasar underane panliten, mula ancasané panliten kaya kang kasebut ing ngisor iki :

- (1) Ngandharake pamilihé tembung sajrone lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama.
- (2) Ngandharake wujud pangolahe tembung sing digunakake pangripta.
- (3) Ngandharake wujud citraan sajrone lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama
- (4) Ngandharake lelewane basa sajrone lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama

Paedahe Panliten

paedah kang kinandhut ing panliten pamilihe tembung lan lelewane basa sajrone lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama ana rong paedah, yaiku paedah teoritis lan paedah praktis.

Kantheni teoritis, panliten iki dikarepake bisa menehi pamulangan uga kaweruh ngenani pangrembakane sastra, budaya, sarta basa Jawa. Saliyane iku, uga bisa kanggo weneh kaweruh sajrone pamulangan basa Jawa, mligine kanggo pamulangan kang ngrembag ngenani pamilihe tembung (*diksi*) lan lelewane basa.

Kantheni paedah praktis, saka panliten iki bisa kajupuk telung perangan: Tumrap pangripta, panliten iki dikarepake bisa dadi bebener utawa *koreksi* supaya anggone ngripta lirik lelagon maneh bisa tambah apik, lan uga kanggo ningkatake *kualitas* lelagone supaya ora mung nengenake hiburan wae, nanging uga ngandhut lan ngandharake karya kang mawa pesen, amanat, lan makna. Tumrap bebrayan lirik lelagon utawa lelagon dikarepake ora mung gawe hiburan wae, nanging sawise anane panliten iki, panliti ngarepake para pamidhangete bisa mangerteni saka isining lelagon iku mau lan njupuk makna uga pawarta kang kinandhut banjur ndadekake piwulangan kanggo urip bebrayan. Tumrap donyane pamulangan, panliten iki dikarepake bisa kanggo acuan panyusunan buku ajar kang ngrembag babagan diksi lan lelewane basa, mligine sajrone pamulangan basa Jawa. Saliyane iku, panliten iki uga bisa kanggo ngrembakake materi ngenani ilmu sastra lan telaah basa Jawa kang ana gegayutane karo ilmu stilistika.

Watesane Panliten

Panliten iki bakal ngrembug tembung ing lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama. Lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama luwih saka 20 lagu panliten iki mujudake panliten kang nggunakake objek analisis yaiku teks. Teks yaiku isi sajrone naskah ngenani ide-ide utawa amanat kang bakal diandharake pangripta tumrap pamaos. Teks yaiku naskah kang awujud tetembungan asli saka pangriptane (KBBI v1.3). teks kang digunakake panliti yaiku arupa lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama, kantheni nengenake larasing tembung lan pangolahe tembung sajrone lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama nggunakake tintingan stilistika. Saliyane babagan iku panliten iki uga dikarepake bisa ngandharake nilai-nilai kang bisa kajupuk saka isine lirik lelagon lan nduweni manfaat tumrap pamacane mligine ing babagan sastra.

Panjentrehe Tetembungan

- 1) Fonologi : ilmu kang mbahas ngenani uni kang fungsional utawa fonem (Verhaar, 2010:67)
- 2) Morfologi : ilmu linguistik kang nliti babagan *satuan-satuan* basa dadi swara (Verhaar, 2008:97)

3) Semantik : Sawijine cabang ilmu linguistik kang nliti ngenani teges utawa makna (Verhaar, 2010:161).

4) Sintaksis : Ilmu linguistik kang ngrembug ngenani gegayutan antarane tembung lan pangucapan (Verhaar, 2010:161).

5) Pamilihe Tembung : salah sawijine cara kanggo milih tembung kantheni teges kang cocog kanggo nyengkuyung gagasan tartamtu saka pangripta. Kepriye pangripta milih tetembungan supaya ndadekake karyane endah lan bisa narik kawigatosane pamaca (Keraf, 2006:24)

6) Lelewane Basa : lelewane basa uga bisa diarani *style* utawa *gaya* kang diandharake dening pangripta, basa mawa style kuwi uga mawa teges. Tembung-tembung kuwi mau uga nggambarake kaprigelane pangripta ing babagan olah basa (Keraf, 2009:112).

7) Tembung : Perangane basa kang nduweni rong aspek, yaiku aspek wujud lan aspek makna (Keraf, 2006:25). Wujud tembung bisa dimangerteni kantheni cara ngrungokake, nulis lan maca tembung kasebut, saengga kantheni mangkono bakal mangerteni isi makna saka tembung kasebut.

8) Lelagon/Tembang : Asil reripta karya sastra kang awujud reroncing tetembungan. Asil saka tetembungan iku mau banjur ditembangake lan ngasilake cengkok lan suara, saengga tetembungan iku mau tansah saya endah. (Poerwadarminto, 1937:255).

9) Stilistika : Ilmu ngenani lelewane basa, manawa gaya (*style*) utawa cara kang khas, kepriye anggone ngungkapake samubarang kantheni cara liya supaya tujuwan sing di karepake bisa luwih maksimal (Ratna, 2009:3).

10) Nilai Fungsi : Kang dadi punjere yaiku tetembungan kang wis kapilih iku nduweni gegayutan karo bebrayan, kepriye bebrayan bisa mangerteni is saka karya sastra kasebut. Miturut Jakobson (sajrone Teew, 1984:73), karya sastra nduweni fungsi sing luwih mligi yaiku fungsi puitika gegayutan karo bebrayan.

TATA CARANE PANLITEN

Ing panliten kantheni irah-irahan “Pamilihe Tembung Lan Lelewane Basa Sajrone Lirik Lelagon Tayub Anggitane Wagiran Pratama” nggunakake metode deskripsi kualitatif. Metode deskriptif kualitatif migatekake data kang dianalisis, data sing ana gegayutane

karo konteks. Panliten kang nggunakake metode kualitatif mujudake jinise panliten kang ora bisa dilakoni kanthi nggunakake ilmu statistik. Dene deskriptif kualitatif yaiku panliten sing mung nengenake kasunyatan utawa tandha-tandha kanthi empiris tuwuh lan kedadeyan saka sumber omongan utawa panutur (Sudaryanto, 1993: 62). Saka metode iku panliti bakal nliti kanthi kasunyatan utawa tandha-tandha kang tuwuh lan kedadeyan sajrone panliten kasebut ngandhut pamilihe tembung lan lelewane basa.

Pangolahe dhata ing panliten lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama yaiku kanthi ngolah dhata sing wis diklumpukake kanthi pendekatan stilistika ing proses ngolah dhata sajrone panliten, dene tahap-tahap pangolahe dhata yaiku : (1) Nglumpukake dhata kang dadi objek panliten kanthi cara nyimak, maca lan nyathet. (2) Dhata sing wis diklumpukake banjur diwenahi klasifikasi lan kodifikasi dhata kanggo nggambangake menehi tandha objek panliten. (3) Dhata kang wis diwenenehi tetenger banjur dianalisis dhata kang ngandhut pamilihe tembung lan lelewane basa. (4) Sawise nganalisis dhata kang nengenake pamilihe tembung lan lelewane basa, banjur nganalisis nilai fungsi kang ana gegayutane karo masyarakat. (5) Sawise dianalisis banjur didudut saka asile analisis.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Kaya padatan, andharan asile panliten sajrone reriptan iki, mujudake asile panliten kang wis ditindakake. Tata cara kanggo nintingi sakabehe prekara sajrone panliten iki, cundhuk klawan undering panliten, yaiku : wujud stilistika kang bakal diperang papat (4) yaiku titi swara (fonologi) kang wujud purwakanthi, wujud titi tembung (morfologi), wujud titi ukara (sintaksis), titi makna (semantik) banjur pamilihe tembung lan lelewane basa sajrone lirik lelagon tayub anggitane wagiran pratama. Anggone nintingi lirik lelagon kasebut, bakal dipretelakake lan karembug kanthi mligi, yaiku kanthi cara nintingi lirik lelagon kang wis pinilih

Pamilihe Tembung

salah sawijine cara kanggo milih tembung kanthi teges kang cocog kanggo nyengkuyung gagasan tartamtu saka pangripta. Kepriye pangripta milih tetembungan supaya ndadekake karyane endah lan bisa narik kawigatosane pamaca (Keraf, 2006:24). Pamilihe tembung ing panliten iki bakal diperang saka swarane tembung lan panulisan tembung.

1) Titi Swara (Fonologi)

Titi swara yaiku ilmu kang ngandharake ngenani swara utawa unine fonem lan objek sing digunakake yaiku unine manungsa. Titi swara sing ditemokake ing

panliten lirik utawa gatra lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama yaiku ngenani purwakanthi.

Purwakanthi tegese nggandheng (swara utawa sastra) kang wis kasebut ana ing wiwitan ukara banjur digandheng utawa sing nggandheng swara utawa sastrane kasebut perangan ukara sing mburi. Purwakanthi sing digunakake kanggo njlentrehake andharan iki antarane yaiku purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra lan purwakanthi guru lumaksita.

(a) Purwakanthi Guru Swara

Purwakanthi guru swara yaiku purwakanthi kang runtut swarane utawa swara sing wis kasebut ing perangan ukara wiwitan (purwa), dikanthi utawa digandheng, disebutake maneh ing perangan ukara mburi. Andharan ngenani purwakanthi guru swara bakal kaperang dadi loro, yaiku saben gatra lan saben pada.

Ing ngisor iki asile panliten ngenani purwakanthi guru swara saben gatra, yaiku saka lelagon tayub kanthi irah-irahan “ Tresna lan Lara”, yaiku :

- (1) ...
Adhuh lara, kudu sambat karo sapa
(LD7. TLL. Pd 1/Gt 3. Hal 137)

Adhedhasar pethikan (LD7. TLL. Pd 1/Gt 3. Hal 137) purwakanthi guru swarane nggunakake swara [ɔ]. Andharan kasebut bisa kabuktekake ana ing pethikan (LD7. TLL. Pd 1/Gt 3. Hal 137) tembung ‘lara’ [lɔrɔ] lan ‘sapa’ [sɔpɔ]. Pamilihe swara [ɔ] ing tembung-tembung kasebut digunakake pangripta kanggo nuduhake pangudarasane tumrap lelakon katresnane kang tansah trima ing pandum, saliyané iku uga bisa digambarake minangka pawongan sing tansah nandang lara branta krana katresnane.

(b) Purwakanthi Guru Sastra

Purwakanthi guru sastra yaiku purwakanthi kang runtut sastrane (*konsonane*) utawa sastra sing wis kasebut ana ing perangan ukara wiwitan (purwa), dikanthi, digandeng, disebutake maneh ing perangan ukara mburi, perangan ukara sing mburi ana sing nunggal sastra karo perangan ukara wiwitan. Ing ngisor iki asile panliten ngenani purwakanthi guru sastra saka irah-irahan “mbledhose gunung kelud” lan “tembang kangen”.

- (2) jagat peteng sinaputing pedhut
(LD1. MGK. Pd 4/Gt 3. Hal 131)

- (3) sakenane aku mung tansah setya ngenteni
(LD18. TK. Pd 4/Gt 2. Hal 148)

adhedhasar pethikan (LD1. MGK. Pd 4/Gt 3. Hal 131) lan (LD18. TK. Pd 4/Gt 2. Hal 148) nggunakake

purwakanthi guru sastra [t]. Andharan kasebut bisa dibuktekake ana ing pethikan (LD1. MGK. Pd 4/Gt 3. Hal 131) yaiku ing tembung ‘jagat’, ‘peteng [pətəŋ]’, ‘sinaputing [sinaputin]’ lan ‘pedhut [pəɖut]’. Pethikan (LD18. TK. Pd 4/Gt 2. Hal 148) tembung yaiku ‘saktenane [saʔtənane]’, ‘tansah’, ‘setya [sətʔɔ]’ lan ‘ngenteni [ŋəntɛni]’.

Pangripta nggunakake sastra [t] sajrone reriptane kasebut nduweni tujuwan kanggo nggambarake kahanane samubarang, kayadene ing pethikan (LD1. MGK. Pd 4/Gt 3. Hal 131) yaiku nggambarake kahanane nalika gunung kelud mbledhos. Pethikan (LD18. TK. Pd 4/Gt 2. Hal 148) nggambarake kahanane pawongan sing tansah setya marang katresnane.

(c) Purwakanthi Guru Lumaksita

Purwakanthi guru lumaksita yaiku purwakanthi sing wujud kanthi mbolan-mbaleni tembung kang ana ing ukara wiwitan saben gatra banjur diurutake ing ukara candhake utawa ngimbali tembung ing pungkasan frasa kapisan dadi awalane tembung ing frasa sabanjure.

Ing ngisor iki asile panliten kang dipethik saka irah-irahan “Ora Tau Mulih” yaiku :

- (4) ***Ra bakal luntur tresnamu ra bakal ilang***
(LD6. OTM. Pd 1/Gt 2. Hal 136)
- (5) ***Ra tau mulih saiki ra tau mulih***
(LD6. OTM. Pd 3/Gt 1. Hal 136)

Adhedhasar panliten ing ndhuwur, pethikan (LD6. OTM. Pd 1/Gt 2. Hal 136) lan (LD6. OTM. Pd 3/Gt 1. Hal 136) ana purwakanthi guru basane utawa guru lumaksita. Andharan kasebut bisa kabuktekake ana ing pethikan (LD6. OTM. Pd 1/Gt 2. Hal 136) yaiku ana ing tembung ‘**ra bakal**’ lan sajrone pethikan (LD6. OTM. Pd 3/Gt 1. Hal 136) yaiku ana ing tembung ‘**ra tau mulih**’.

Tembung-tembung kasebut digunakake pangripta kanthi tujuwan kanggo negesake samubarang, kaya dene ing pethikan (LD6. OTM. Pd 1/Gt 2. Hal 136) negesake menawa rasa katresnan sing tansah setya lan ora bakal ilang. Pethikan (LD6. OTM. Pd 3/Gt 1. Hal 136) negesake lan nggambarake manawa wong sing ditresnani ra tau mulih lan ora ngurusi kaluwargane.

2) Titi Tembung (Morfologi)

Titi tembung yaiku ilmu linguistik kang mbahas ngenani tembung sajrone basa. Titi swara sing ditemokake ing panliten lirik utawa gatra lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama yaiku ngenani tembung rangkep lan tembung camboran. Ing ngisor iki bakal kaandharake ngenani telung perkara kasebut.

(a) Tembung Saroja

Tembung saraja yaiku tembung loro kang padha tegese utawa meh padha tegese kang lumrah dinggo bebarengan. Sing dikarepake saka rong tembung kasebut bisa nuwuhake makna kang luwih teges, maknane bisa perkara kang ana sesambungane bisa uga kahanan kang mbangetake. Ing ngisor iki panliten ngenani tembung saraja ana ing irah-irahan “Mbledhose Gunung Kelud” lan “Kalimantan Jawa” yaiku :

- (6) ***Peteng ndhedhet katon lelimengan***
(LD1. MGK. Pd 1/Gt 4. Hal 131)
- (7) ***Takrewangi lara lapa***
(LD3. KJ. Pd 1/Gt 3. Hal 133)

Adhedhasar dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni manawa ing pethikan (LD1. MGK. Pd 1/Gt 4. Hal 131) lan (LD3. KJ. Pd 1/Gt 3. Hal 133) nggunakake tembung saraja. Andharan kasebut kabuktekake ana ing pethikan (LD1. MGK. Pd 1/Gt 4. Hal 131) yaiku tembung ‘**peteng ndhedhet**’ asale saka tembung peteng kang tegese swasana kang ora ana pepadhange lan dhedhet tegese mbangete tembung peteng. Mula saka rong tembung kasebut kang digandeng dadi siji ora bisa diowahi anane utawa dipisahake antarane tembung siji lan sijine, manawa peteng ndhedhet iku tegese peteng banget. Panganggone tembung kasebut ing pethikan (LD1. MGK. Pd 1/Gt 4. Hal 131) nduweni tujuwan kanggo nggambarake swana langit kang tansah peteng banget.

(b) Tembung Rangkep

Tembung rangkep yaiku tembung kang dhobel utawa dibolan-baleni. Tembung rangkep sing ditemokake ing panliten iki yaiku dwipurwa lan dwilingga. Ing ngisor iki bakal diandharake ngenani rong perkara kasebut.

1. Dwipurwa

Dwipurwa yaiku tembung kang dumadi saka pangrangkep purwane tembung lingga utawa pangrangkepe wanda kawitane tembung. Andharan kasebut ana ing panliten iki yaiku ngenani dwipurwa kang arupa pethikan lan andharan, dene pethikane yaiku saka irah-irahan “Mbledhose Gunung Kelud” yaiku :

- (8) ***Kilat guntur padha sesamberan***
(LD1. MGK. Pd 1/Gt 3. Hal 131)
- (9) ***Sesawangan nyengsemake swasana***
(LD1. MGK. Pd 1/Gt 3. Hal 131)

Adhedhasar dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni manawa pethikan (LD1. MGK. Pd 1/Gt 3. Hal 131) lan

(LD1. MGK. Pd 1/Gt 3. Hal 131) nggunakake tembung rangkep sing arupa dwipurwa. Andharan kasebut bisa dibuktekake ana ing pethikan (LD1. MGK. Pd 1/Gt 3. Hal 131) yaiku ing tembung ‘**sesamberan**’ kanthi tembung lingga ‘**samber + -an**’ oleh pangrangkepan purwane tembung yaiku ‘**sa- / se-**’. Saengga bisa dijlentrehake kanthi kaya mangkene : **samber + -an => sasamberan => sesamberan**. Pethikan (LD1. MGK. Pd 1/Gt 3. Hal 131) yaiku ing tembung ‘**sesawangan**’ kanthi tembung lingga ‘**sawang + -an**’ oleh pangrangkepan purwane tembung yaiku ‘**sa- / se-**’ saengga bisa dijlentrehake kanthi kaya mangkene : **sawang + -an => sasawangan => sesawangan**.

Pangripta nggunakake tembung dwipurwa ‘**sesamberan**’ lan ‘**sesawangan**’ nduweni tujuwan kanggo mantebake tegese tembung kasebut. Kayadene ing pethikan (LD1. MGK. Pd 1/Gt 3. Hal 131) tembung sesamberan nduweni teges kilat guntur sing tansah terus-terusan nyamber ana ing langit. Pethikan (LD1. MGK. Pd 1/Gt 3. Hal 131), tembung sesawangan nduweni teges sing tansah terus-terusan nyawangi samubarang kan gawe senenge ati.

2. Dwilingga

Dwilingga yaiku tembung kang dirangkep. Pangrangkepe tembung lingga ana sing karangkep wutuh lan ana kang karangkep mawa owah-owahan swara. Kaya dene ing ngisor iki wujud panliten ngenani dwilingga wutuh lan dwilingga salin swara.

a) Dwilingga Wutuh

Dwilingga wutuh yaiku tembung lingga kang karangkep wutuh tanpa ana owah-owahan apa-apa nanging tembung dwilingga bisa diuwuwi imbuhan kang awujud ater-ater, seselan lan panambang. Ing ngisor iki asile panliten ngenani dwilingga wutuh kang arupa pethikan saka gatra lelagon tayub kanthi irah-irahan “Mbledhose Gunung Kelud” lan “Eling Esemu” yaiku :

(10) ...
Awu mabur teka **ngendi – ngendi**
(LD1. MGK. Pd 2/Gt 4. Hal 131)

(11) ...
Gawang-gawang anglamlami
(LD2. EE. Pd 3/Gt 3. Hal 132)

Adhedhasar dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni manawa tembung dwilingga wutuh ana ing pethikan (LD1. MGK. Pd 2/Gt 4. Hal 131) lan (LD2. EE. Pd 3/Gt 3. Hal 132). Andharan kasebut bisa dibuktekake ana ing pethikan (LD1. MGK. Pd 2/Gt 4. Hal 131) yaiku tembung ‘**ngendi-ngendi**’ kanthi tembung lingga ‘**ng- + endi**’. Pethikan (LD2. EE. Pd 3/Gt 3. Hal 132) yaiku

tembung ‘**gawang-gawang**’ kanthi tembung lingga ‘**gawang**’.

Pangripta nggunakake tembung dwilingga wutuh ‘**ngendi-ngendi**’ lan ‘**gawang-gawang**’ nduweni teges nuduhake jumlah sing akeh (*pluralitas*) lan mbolan-mbaleni anggone nglakoni samubarang. Kaya dene ing pethikan (LD1. MGK. Pd 2/Gt 4. Hal 131), tembung ‘**ngendi-ngendi**’ nuduhake nyebare awu bledhosane gunung kelud kang akeh banget nganti sebarane ana ing pirang-pirang kutha. Pethikan (LD2. EE. Pd 3/Gt 3. Hal 132), tembung ‘**gawang-gawang**’ nuduhake mbolan-mbaleni anggone kelingan esemane pawongan sing tansah isih cetha wela-wela.

b) Dwilingga Salin Swara

Dwilingga salin swara yaiku tembung lingga kang karangkep mawa owah-owahan swara. Rancake kang kaowahi yaiku swara ing tembung kapisan. Ing ngisor iki panliten ngenani tembung dwilingga salin swara sing ana ing pethikan kanthi irah-irahan “Sutini” yaiku :

(12) ...
Yen taksawang katon **ngguya-ngguyu**
(LD10. STN. Pd 1/Gt 3. Hal 140)

Adhedhasar dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni manawa tembung dwilingga salin swara ana sajrone pethikan (LD10. STN. Pd 1/Gt 3. Hal 140). Andharan kasebut bisa dibuktekake ing tembung ‘**ngguya-ngguyu**’ kanthi tembung lingga ‘**ng- + guyu**’ karangkep dadi dwilingga wutuh ‘**ngguyu-ngguyu**’ banjur karangkep mawa owah-owahan swara dadi ‘**ngguya-ngguyu**’. Kanggo luwih gamblang anggone njlentrehake bakal kawedhar kaya mangkene: **ng- + guyu => ngguyu - ngguyu => ngguya – ngguyu**.

Pangripta nggunakake tembung dwilingga salin swara ‘**ngguya-ngguyu**’ nduweni teges mbolan-mbaleni anggone nglakoni samubarang. Kaya dene kaya tembung sajrone pethikan ing ndhuwur tembung ngguya-ngguyu nuduhake anggone ngguyu dibolan-baleni.

(c) Tembung Camboran

Tembung camboran utawa kata majemuk yaiku tembung loro utawa luwih sing digandheng dadi siji lan tembung mau dadi tembung anyar kang tegese uga melu anyar. Sing dikarepake teges anyar ing kene yaiku tegese tembung mau beda karo tegese tembung nalika isih awujud tembung lingga. Ing ngisor iki:

(13) ...
Bebasane **gelang alit** manggon driji
(LD28. JTR. Pd 1/Gt. 1. Hal 158)

Adhedhasar dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni manawa pethikan (LD28. JTR. Pd 1/Gt. 1. Hal 158) nggunakake tembung camboran. Andharan kasebut bisa kabuktekake ana ing tembung '**gelang alit**' kedadeyan saka rong tembung kang nuwuhake teges sing anyar, tembung gelang tegese yaiku samubarang kang diubedake ana ing ugel-ugel. Dene tembung alit yaiku samubarang sing wujud cilik. Rong tembung tembung kasebut manawa digandhengake nuwuhake teges anyar yaiku ali-ali.

Saka pethikan (LD28. JTR. Pd 1/Gt. 1. Hal 158) bisa dimangerteni manawa pangripta nggunakake tembung saroja nduweni tujuwan kanggo nuwuhake rasa kaendahan kang arupa wangsalan kang batangane ali-ali.

3) Titi Ukara (Sintaksis)

Sintaksis mujudake ilmu linguistik sing njlentrehake tembung-tembung lan frasa ing basa kng digunakake sajrone bebrayan kanthi anane paugeran. Titi ukara nduweni maneka warna bab kang bisa diteliti, kaya dene sing ditemokake ing lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama yaiku *inverse* (pembalikan), pemendekan lan pengulangan ukara.

(a) *Inversi* (pembalikan)

Inversi yaiku titi ukara kang diwolak-walik mula beda karo titi ukara kang wis baku nggunakake jejer, wasesa, lesan kanthi urutan. Ing ngisor iki asile panliten kang arupa pethikan lirik lelagon tayub saka irah-irahan "Eling Esemu" lan "Kangen Waranggana".

- (14) *Wis suwe kangen sliramu wong bagus*
(LD2. EE. Pd 2/Gt 1. Hal 132)
- (15) *Uwis suwe nggonku ngendhem rasa*
(LD4. KWG. Pd 1/Gt 3. Hal 134)

Adhedhasar dhata kasebut bisa dimangerteni manawa pethikan (LD2. EE. Pd 2/Gt 1. Hal 132) lan (LD4. KWG. Pd 1/Gt 3. Hal 134) nggunakake ukara kang ora trep amarga beda karo titi ukara sing samesthine. Andharan kasebut bisa kabuktekake ana ing pethikan (LD2. EE. Pd 2/Gt 1. Hal 132) yaiku ukara '*wis suwe kangen sliramu wong bagus*' jejere yaiku '*wong bagus*' manggon ing pungkasan ukara, wasesane yaiku '*kangen*' ana ing tengah-tengahe ukara sawise katrangan, lesane yaiku '*sliramu*' manggon ana ing mburine wasesa lan ing ngarepe jejer, banjur panggenah '*uwis suwe*' manggon ing wiwitane tembung. Miturut ukara kang samesthine yaiku '*wong bagus wis suwe kangen sliramu*'.

Andharan sabanjure yaiku bisa kabuktekake saka pethikan (LD4. KWG. Pd 1/Gt 3. Hal 134) yaiku ukara '*Uwis suwe nggonku ngendhem rasa*' jejere yaiku '*nggonku*' manggon ing tengah-tengahe ukara saburine katrangan, wasesane yaiku '*ngendhem*' manggon sawise jejere, lesane yaiku '*rasa*' manggon ing pungkasan ukara utawa saburine wasesa, lan katerangane yaiku '*uwis suwe*' manggon ana ing wiwitane ukara. Ukara kasebut manawa dibenerake miturut titi ukara kang samesthine yaiku '*nggonku ngendhem rasa uwis suwe*'.

(b) *Pemendekan*

Pemendekan yaiku ngurangi kanthi sengaja wanda tembung kang digunakake pangripta kanthi tujuwan njangkepi cacah wanda sajrone ukara. Tujuwane yaiku kanggo nambahi unsur estetis sajrone lirik lelagon tayub kasebut. Ing ngisor iki asile panliten ngenani pemendekan utawa wancahan kang arupa pethikan saka lirik lelagon tayub kanthi irah-irahan "Kangen Waranggana" lan "Kacu Kuning":

- (16) *tresna pancen ra kudu nduweni*
(LD4. KWG. Pd 3/Gt 1. Hal 134)
- (17) *saiki njur lali*
(LD8. KK. Pd 1/Gt 2. Hal 138)

Adhedhasar pethikan (LD4. KWG. Pd 3/Gt 1. Hal 134) lan (LD8. KK. Pd 1/Gt 2. Hal 138) tembung kang digunakake dipedhot utawa disingkat. Andharan kasebut bisa kabuktekake ana ing pethikan (LD4. KWG. Pd 3/Gt 1. Hal 134) yaiku tembung '*ra*' manawa ora disingkat utawa ora dipedhot sing bener yaiku '*ora*'. Bukti sabanjure yaiku saka pethikan (LD8. KK. Pd 1/Gt 2. Hal 138) tembung yaiku '*njur*' manawa ora disingkat utawa dipedhot tembung sing wutuh utawa sing bener yaiku '*banjur*'.

Tembung saka pethikan (LD4. KWG. Pd 3/Gt 1. Hal 134) lan (LD8. KK. Pd 1/Gt 2. Hal 138) digunakake dening pangripta kanthi tujuwan kanggo madakake lan ngganepi wandane supaya pas anggone diucapake utawa dilagokake saengga uga bisa nuwuhake unsur kaendahan sajrone asil reriptane.

(c) *Pengulangan ukara*

Pengulangan ukara yaiku wujud struktur ukara kanthi mbolan-mbaleni ukarane sadurunge ing ukara sacandhake. Ing ngisor iki asile panliten pengulangan ukara kang arupa pethikan lirik lelagon tayub kanthi irah-irahan "Ora Tau Mulih" lan "Ali-ali Mripat Biru":

- (18) *Ra tau mulih saiki ra tau mulih*
Apa wis lali neng saben wis oleh ganti

Ra tau mulih saiki ra tau mulih
Apa wis tega saiki ra gelem kandha
 (LD6. OTM. Pd 3/Gt 1-4. Hal 136)
 (19) **Mripat biru mung tak sawang**
Merga wedi yen nganti kelangan
Mripat biru pilihanku
Kang sinimpen tresna jroning kalbu
 (LD5. AMB. Pd 3/Gt 1-4. Hal 135)

Adhedhasar pethikan (LD6. OTM. Pd 3/Gt 1-4. Hal 136) lan (LD5. AMB. Pd 3/Gt 1-4. Hal 135) nggunakake ukara utawa saperangane ukara kang dibolan-baleni yaiku gatra sing manggon ing gatra 1 padha karo gatra 3, manawa ing gatra 2 padha karo gatra 4. Andharan kasebut bisa kabuktekake ing pethikan (LD6. OTM. Pd 3/Gt 1-4. Hal 136) ukara '**Ra tau mulih saiki ra tau mulih**' ana ing gatra 1 lan gatra 3, banjur ukara '**apa wis**' ana ing gatra 2 lan gatra 4. Pethikan sabanjure yaiku (LD5. AMB. Pd 3/Gt 1-4. Hal 135) kanthi ukara '**mripat biru**' ana ing gatra 1 lan gatra 3.

Ukara sing dibolan-baleni ing pethikan (LD6. OTM. Pd 3/Gt 1-4. Hal 136) lan (LD5. AMB. Pd 3/Gt 1-4. Hal 135) digunakake pangripta kanthi tujuwan kanggo negesake lan mbangetake makna sajrone ukara kasebut. Ukara ing pethikan (LD6. OTM. Pd 3/Gt 1-4. Hal 136) negesake manawa sesandhingane utawa bojone ora tau bali menyang omah lan lali marang kaluwargane sing tansah ngenteni. Sabanjure pethikan (LD5. AMB. Pd 3/Gt 1-4. Hal 135) negesake anggane pangripta kang tansah mbolan-mbaleni anggane nyawang ali-aline lan ali-aline kasebut diumpamakake katresnane kang bakal dijaga kanthi tenanan.

4) Titi Makna (Semantik)

Titi makna yaiku salah sawijining cabang linguistik kang ngrembag ngenani tegese tembung. Titi makna sing ditemokake ing paniten lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama yaiku makna tembung lan relasi makna. Ing ngisor iki bakal diandharake pethikan-pethikane.

(a) Relasi Makna

Relasi makna yaiku sesambungane unsur semantik sing ana ing antarane satuan basa siji lan sijine. Satuwan basa kasebut bisa arupa tembung, frase, uga ukara. Relasi makna awujud unsur leksikal kang mbahas ngenani sinonim, antonim, polisemi, hiponimi, homonimi, ambiguiti lan redundansi. Relasi makna sing ditemokake ing panliten iki antarane yaiku sinonim, antonim, ambiguiti lan redhudhansi. Ing ngisor ii bakal dijlenrehake pethikan lan andharane.

1. Sinonim

Sinonim yaiku tembung utawa ukara kang maknane meh padha karo makna liyane. Ing ngisor iki asile panliten sinonim arupa cuplikan lan andharan kanthi gamblang. Pethikan saka irah-irahan "Ikhlas Wong Tuwa" lan "Meteng Pitung Sasi" yaiku :

- (20) **Bapak lan si mbok uwis katon tuwa**
 ...
Ibarat srengenge kang anggiwang ngulon
 (LD23. IWT. Pd 1/Gt 1 lan 3. Hal 153)
 (21) ...
Kowe tegane mung lamis manis janjimu
Tegel mentala ngapusi aku
 (LD20. MPS. Pd 3/Gt 3 lan 4. Hal 150)

Adhedhasar pethikan (LD23. IWT. Pd 1/Gt 1 lan 3. Hal 153) lan (LD20. MPS. Pd 3/Gt 3 lan 4. Hal 150) nggunakake tembung kang padha tegese. Andharan asebut bisa dibuktekake ing pethikan (LD23. IWT. Pd 1/Gt 1 lan 3. Hal 153) yaiku ukara '**Katon tuwa**' tegese meh padha karo '**srengenge kang anggiwang ngulon**' yaiku padha-padha negesake ngenani wektu kang wis suwe. Sabanjure pethikan (LD20. MPS. Pd 3/Gt 3 lan 4. Hal 150) '**lamis manis janjimu**' padha tegese karo ukara '**ngapusi aku**', ukara-ukara kasebut bisa ditegesi yaiku padha-padha gawe gela atine pangripta amarga omongane sawijine pawongan ora cundhuk karo apa sing diomongake utawa dijanjikake sadurunge.

Saka ukara-ukara kang ana ing pethikan (LD23. IWT. Pd 1/Gt 1 lan 3. Hal 153) lan (LD20. MPS. Pd 3/Gt 3 lan 4. Hal 150) digunakake pangripta kanggo negesake makna tembung kasebut kanthi luwih luwih cetha. Ing pethikan (LD23. IWT. Pd 1/Gt 1 lan 3. Hal 153) kanggo negesake umure pawongan kang digambarake ibarat sinare srengenge nalika sore yaiku nalika cahyane ora padhang maneh kaya dene isih awan. Pethikan (LD20. MPS. Pd 3/Gt 3 lan 4. Hal 150) digunakake pangripta kanggo negesake apa sing wis gawe rasa gela lan kuciwane pangripta.

2. Antonim (Kosok Balen)

Antonim yaiku tembung, frase utawa ukara kang maknane walikan saka makna tembung lan ukara liyane. Ing ngisor iki asile panliten kang arupa pethikan lan andharane. Pethikan saka irah-irahan "Ora Tau Mulih" lan "Gelang Kalung" yaiku :

- (22) **Rina lan wengi nggonku sabar anggenteni**
 (LD6. OTM. Pd 1/Gt 4. Hal 136)
 (23) **Bungah susah dilakoni**
 (LD9. GK. Pd 3/Gt 3. Hal 139)

Adhedhasar pethikan (LD6. OTM. Pd 1/Gt 4. Hal 136) lan (LD9. GK. Pd 3/Gt 3. Hal 139) nggunakake tembung kosok balen utawa antonim. Andharan kasebut bisa dibuktekake ana ing pethikan (LD6. OTM. Pd 1/Gt 4. Hal 136) yaiku tembung '*rina*' kosok balene '*wengi*' utawa bisa ditegesake '*awan*' lan '*wengi*'. Pethikan (LD9. GK. Pd 3/Gt 3. Hal 139) tembung '*bungah*' kosok balene yaiku tembung '*susah*'.

Tembung-tembung kang digunakake pangripta ing pethikan (LD6. OTM. Pd 1/Gt 4. Hal 136) lan (LD9. GK. Pd 3/Gt 3. Hal 139) kanthi tujuwan yaiku kanggo negesake makna tembung kasebut. Pethikan (LD6. OTM. Pd 1/Gt 4. Hal 136) negesake anggane pangripta nunggoni pawongan sing dienteni kanthi wayah awan lan wengi. Pethikan (LD9. GK. Pd 3/Gt 3. Hal 139) negesake kahanan uripe pawongan kang dilakoni bebarengan karo sesandhingane nalika oleh rejeki utawa bebaya.

3. Redhudhansi

Redhudhansi bisa ditegesi minangka mbangetake panganggane unsur segmental sajrone tuturan utawa panuturane ukara. ing ngisor iki asile panliten redhudhansi kang arupa cuplikan lan andharane. Pethikan saka lirik lagon tayub kanthi irah-irahan "Lara Tresna" lan "Klambi Wungu", yaiku :

- (24) *Yen ta aku nduwe lara tresna*
(LD13. LT. Pd 1/Gt 2. Hal 143)
- (25) *Sliramu wong kang saka nggunung*
(LD14. KW. Pd 4/Gt 1. Hal 144)

Adhedhasar panliten ing ndhuwur bisa dimangerteni manawa pethikan (LD13. LT. Pd 1/Gt 2. Hal 143) lan (LD14. KW. Pd 4/Gt 1. Hal 144) nudohake anane redhudhansi. Andharan kasebut bisa dibuktekake ana ing pethikan (LD13. LT. Pd 1/Gt 2. Hal 143) yaiku tembung '*ta*' sing ana sajrone ukara '*yen ta aku lara tresna*' manawa diilangake dadi '*yen aku lara tresna*' ora bakal nuwuhake teges sing beda. Pethikan (LD14. KW. Pd 4/Gt 1. Hal 144) yaiku tembung '*kang*' sing ana sajrone ukara '*sliramu wong kang saka nggunung*' manawa diilangake dadi ukara '*sliramu wong saka nggunung*' ora bakal owah tegese lan ora bakal nuwuhake teges liya.

Tembung kasebut digunakake pangripta ana ing pethikan (LD13. LT. Pd 1/Gt 2. Hal 143) lan (LD14. KW. Pd 4/Gt 1. Hal 144) kanthi tujuwan kanggo mbangetake lan nonjolake pandhapuk *objeke* kanthi ora ngowahi teges utawa nuwuhake teges liyane. Andharan kasebut bisa kabuktekake ana ing pethikan (LD13. LT. Pd 1/Gt 2. Hal 143) negesake manawa pangripta tenanan anggane lara ati amarga wisa digawe kuciwa. Pethikan (LD14. KW. Pd 4/Gt 1. Hal 144) negesake manawa

pangripta kepingin nuduhake utawa ngelingake sesilihane yen dheweke wong sing lair lan mapan ana ing nggunung.

5) Citraan

Citraan yaiku nggambarake samubarang kang digayutake karo pancadriya (pendalu, pangrungon, panggrayang, pangcecap, pangambu lan solah bawa). Ing ngisor iki asile panliten citraan kang arupa cuplikan lan andharan sajrone lirik lagon tayub anggitane Wagiran Pratama. Pethikan ing ngisor iki dicuplik saka irah-irahan "Mbledhose Gunung Kelud" lan "Eling Esemmu", yaiku:

- (26) *Gumuruh swarane nggegirisi*
Gumleger ana langit Kediri
Kilat guntur padha sesamberan
Peteng ndhedhet katon lelimengan
(LD1. MGK. Pd 1/Gt 1-4. Hal 131)
- (27) *Sesawangan nyengsemake swasana*
Nentremake kalbu
Katon padhang lan sumilak ing tawang
Endah ing pandulu
(LD2. EE. Pd 1/Gt 1-4. Hal 132)

Adhedhasar panliten ing ndhuwur bisa dimangerteni manawa pethikan (LD1. MGK. Pd 1/Gt 1-4. Hal 131) lan (LD2. EE. Pd 1/Gt 1-4. Hal 132) kalebu citraan. Andharan kasebut bisa dibuktekake ana ing pethikan (LD1. MGK. Pd 1/Gt 1-4. Hal 131) nggunakake citraan pangrungon lan pendulu sing bisa dibuktekake ana ing ukara '*Gumuruh swarane nggegirisi*', saka ukara kasebut pangripta nudohake manawa krungu swara sing gawe ati giris nalika gunung kelud mbledhos, banjur ukara '*Peteng ndhedhet katon lelimengan*', yaiku pangripta nudohake nalika nyawang kahanan langit sing tansah peteng krana anane pedhut utawa udan awu asile bledhosane gunung kelud. Pethikan (LD2. EE. Pd 1/Gt 1-4. Hal 132) nggunakake citraan pendulu sing bisa dibuktekake ana ing ukara '*Katon padhang lan sumilak ing tawang*', saka ukara kasebut pangripta nudohake nalika nyawang tawang utawa langit sing katon padhang lan cerah.

Saka pethikan (LD1. MGK. Pd 1/Gt 1-4. Hal 131) lan (LD2. EE. Pd 1/Gt 1-4. Hal 132) digunakake pangripta kanthi tujuwan supaya bisa nuwuhake kaendahan, mula pangripta nudohake rangsangan pancadriya nganggo ukara-ukara kang dironce-ronce kanthi endah lan bisa nuwuhake imajinasine pamireng.

6) Lelewane Basa

Lelewane basa yaiku mujudake unsur basa kang *ekspresif* lan *emotif*, kang ditambah ing babagan kang

netral. lelewane basa sajrone gatra lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama sing ditemokake ana ukara sinekdoke, ukara personifikasi, ukara pangudarasa, ukara hiperbola lan ukara epitet utawa idhentitas dhiri. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake ngenani perangan lelwaning basa.

(a) Wujud Sinekdoke

wujud sinekdoke yaiku wujud ukara utawa tembung kang nggunakake samubarang kanggo ngarani sakabehe utawa samubarang kanggo ngarani mung saperlune. Ing ngisor iki asile panliten saka lirik lelagon tayub kasebut kang dicuplik saka irah-irahan “Mbledhose Gunung Kelud” lan “Sutini: yaiku :

- (28) ***Lindhu anggoncang bumi***
Gunung kelud mbledhos tengah wengi
Geni nyembur angkasa
Ayo eling kang maha kuwasa
 (LD1. MGK. Pd 3/Gt 1. Hal 131)
- (29) *Eee dhik Sutini*
Prawan ndesa anake wong tani
Eee dhik Sutini
Kapan bisa urip nyawiji
 (LD10. STN. Pd 3/Gt 1. Hal 140)

Adhedhasar panliten ing ndhuwur pethikan (LD1. MGK. Pd 3/Gt 1. Hal 131) lan (LD10. STN. Pd 3/Gt 1. Hal 140) kalebu ukara sinekdoke. Andharan kasebut bisa kabuktekake ana ing pethikan (LD1. MGK. Pd 3/Gt 1. Hal 131) yaiku ukara ‘***Lindhu anggoncang bumi***’ kang nggunakake tembung sakabehe ‘bumi’ kanggo ngarani saperangan wewengkon utawa wilayah wae. Pethikan (LD10. STN. Pd 3/Gt 1. Hal 140) yaiku ukara ‘***Prawan ndesa anake wong tani***’ kang nggunakake tembung ‘prawan ndesa’ kanggo ngarani pawongan wedok sing jenenge Sutini.

Pangripta nggunakake ukara sinekdoke ing pethikan (LD1. MGK. Pd 3/Gt 1. Hal 131) lan (LD10. STN. Pd 3/Gt 1. Hal 140) nduweni tujuwan kanggo nuwuhake unsur kaendahan lan ngandharake makna kang ana ing sajrone asil reriptane pangripta kanthi nggunakake ukara sing sipate samubarang sing amba, akeh lan gedhe kanggo ngarani samubarang sing jebule mung saperangan wae. Kaya dene ana ing pethikan (LD1. MGK. Pd 3/Gt 1. Hal 131) yaiku nuduhake lindhu sing nggoncang bumi, kamangka sing ngrasakake goncangane kasebut mung wilayah Indonesia mligine yaiku dhaerah Jawa Timur. Pethikan (LD10. STN. Pd 3/Gt 1. Hal 140) yaiku nuduhake prawan ndesa utawa wong wadon-wadon sing ana ing sajrone desa kamangka sing diarani prawan kasebut ya mung wong siji wae, ora liya ya Sutini.

(b) Wujud Personifikasi

Wujud personifikasi yaiku wujud ukara utawa tembung kang nggambarake barang-barang kang mati utawa ora nduweni nyawa kang dipindhakake kaya dene manungsa sing bisa obah. Ig ngisor iki asile panliten ukara personifikasi sajrone lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama kang arupa pethikan lan andharan. Pethikane saka irah-irahan “Kalimantan Jawa” lan “Gelang kalung”, yaiku :

- (30) ***Kalimantan banyu sing tak ombe***
Kabeh mau kang dadi saksine
Kalimantan nggonku nyambut gawe
Ning tresnaku ya mung kanggo kowe
 (LD3. KJ. Pd 3/Gt 1-4. Hal 133)
- (31) ***Gelang kalung dadi saksi***
Sliramu ora bakal nyidrani
Wiwit ndunya nganti akhir
Dhuh wong bagus sing takpikir-pikir
 (LD9. GK. Pd 4/Gt 1-4. Hal 139)

Adhedhasar panliten ing ndhuwur bisa dimangerteni manawa pethikan (LD3. KJ. Pd 3/Gt 1-4. Hal 133) lan (LD9. GK. Pd 4/Gt 1-4. Hal 139) kalebu ukara personifikasi, andharan kasebut bisa dibuktekake ana ing pethikan (LD3. KJ. Pd 3/Gt 1-4. Hal 133) yaiku ukara ‘***Kalimantan banyu sing tak ombe, Kabeh mau kang dadi saksine***’ ing ukara kasebut pangripta ngumpamakake ‘banyu’ dadi saksi kaya dene samubarang utawa uwong sing bisa nyawang lan ngrungokake, kamangka banyu kasebut ora nduwe nyawa ya ora bisa nyawang lang ngrungokake. Pethikan (LD9. GK. Pd 4/Gt 1-4. Hal 139) yaiku ukara ‘***Gelang kalung dadi saksi***’ ing ukara kasebut pangripta mindhakake gelang lan kalung kaya dene manungsa kang dadi saksi sing bisa ngrungokake uga nyawang.

Pangripta nggunakake ukara-ukara kang ngandhut personifikasi nduweni tujuwan kanggo nuwuhake unsure kaendahan kanthi nggambarake samubarang kang mati dipindhakake kaya dene samubarang sing urip utawa nduwe nyawa.

(c) Wujud Pangudarasa

Wujud pangudarasa yaiku wujud ukara utawa tembung kang wujud pitakon sing sabenere lan ora mbutuhake wangsulan. Ing ngisor iki asile panliten ukara pangudarasa ing sajone lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama kang arupa pethikan saka irah-irahan “Ora Tau Mulih” lan “Tresna lan Lara”, yaiku :

- (32) ***Apa wis lali ning saben wis oleh ganti***
 (LD6. OTM. Pd 3/Gt 1. Hal 136)

- (33) ***Apa** wis tega saiki ra gelem kandha*
(LD6. OTM. Pd 3/Gt 3. Hal 136)
- (34) ***Adhuh** lara kudu sambat karo sapa*
(LD7. TLL. Pd 3/Gt 1. Hal 137)
- (35) ***Adhuh** gusti mboten kiyat kula niki*
(LD7. TLL. Pd 3/Gt 3. Hal 137)

Adhedhasar panliten ing ndhuwur bisa dimangerteni manawa pethikan (LD6. OTM. Pd 3/Gt 1. Hal 136), (LD6. OTM. Pd 3/Gt 3. Hal 136), (LD7. TLL. Pd 3/Gt 1. Hal 137) lan (LD7. TLL. Pd 3/Gt 3. Hal 137) kalebu ukara pangudarasa. Andharan kasebut bisa kabuktekake ana ing pethikan (LD6. OTM. Pd 3/Gt 1. Hal 136) lan (LD6. OTM. Pd 3/Gt 3. Hal 136) yaiku ing tembung ‘apa’ nuduhake pitakone pangripta marang awake dhewe ngenani salah bawane sesandhingane sing ora tau mulih. Pethikan (LD7. TLL. Pd 3/Gt 1. Hal 137) lan (LD7. TLL. Pd 3/Gt 3. Hal 137) yaiku tembung ‘adhuh’ nuduhake pangudarasane pangripta sing ora kuwat nandang samubarang.

Pangripta nggunakake ukara pangudarasa nduweni tujuwan kanggo nuwuhake unsur kaendahan kanthi lumantar ukara-ukara kang ngandhut pitakonan lan panyambate pangripta sing ora mbutuhake wangsulane.

(d) Wujud Hiperbola

Wujud hiperbola yaiku wujud ukara utawa tembung kang negesi makna sabenerane, kanthi nggunakake tembung liyane kanggo mbangetake samubarang. Ing panliten iki bisa ditemokake ana lirik lelagon tayub kanthi irah-irahan “Eling Esemmu” lan “Kangen Waranggana”, yaiku :

- (36) *Kangmas nyaketa mring aku*
Nadyan ta ana lelamunan
Sumedhot andudut rasa
Esemmu agawe tratanan
(LD2. EE. Pd 4/Gt 1-4. Hal 132)
- (37) *Lamun weruh tansaya anggodha ati*
Arep nyandhing nanging ora wani
Uwis suwe nggonku ngendhem rasa
Wuyungku ngelayung kangen tembus dhadha
(LD4. KWG. Pd 1/Gt 1-4. Hal 134)

Adhedhasar dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni manawa pethikan (LD2. EE. Pd 4/Gt 1-4. Hal 132) lan (LD4. KWG. Pd 1/Gt 1-4. Hal 134) kalebu ukara hiperbola. Andharan kasebut bisa dibuktekake ana ing pethikan (LD2. EE. Pd 4/Gt 1-4. Hal 132) yaiku ukara ‘**Esemmu agawe tratanan**’, ukara kasebut kalebu ukara hiperbola amarga mbangetake rasa katresnane pawongan

kang lagi nandang kasmaran, saengga nalika mung nyawang esemane wong sing disenengi bisa gawe atine pawongan kasebut tratanan, saka andharan kasebut ‘esemmu’ dadi tembung sing dibangetake tumrap pangriptane. Pethikan (LD4. KWG. Pd 1/Gt 1-4. Hal 134) yaiku ukara ‘**Wuyungku ngelayung kangen tembus dhadha**’, ukara kasebut kalebu ukara hiperbola amarga mbangetake rasa wuyunge pangripta nalika ora bisa ketemu lan nyandhing wong sing diimpi-impi.

Saka pethikan kasebut bisa dimangerteni manawa pangripta nggunakake ukara kang ngandhut hiperbola nduweni tujuwan kanggo negesake makna sabenerane kanthi nggunakake ukara sing isine mbangetake samubarang.

(e) Wujud Epitet utawa Identitas

Wujud epitet utawa identitas yaiku wujud ukara utawa tembung kang isine ngepasi sipat utawa ciri manungsa utawa salah sawijine bab. Ing panliten iki ditemokake ana ing lirik lelagon tayub kasebut kanthi irah-irahan “Sutini” lan “Rambut semiran”, yaiku :

- (38) ***Sapa kae dhik nganggo klambi biru***
Sajak pantes tur katone ayu
Yen tak sawang katon ngguya-ngguyu
Jebulane anake pak Setu
(LD10. STN. Pd 1/Gt 1-4. Hal 140)
- (39) *Kapan bisa dhik aku nyandhing sliramu*
Prawan ndesa sing katon lugu
Awake cilik ora pati lemu
Yen ra weruh sirahku dadi ngelu
(LD10. STN. Pd 2/Gt 1-4. Hal 140)
- (40) *Kedanan saiki kedanan*
Cewek seksi rambute semiran
Kedanan saiki kedanan
Karo aku mas ora perhatian
(LD12. RS. Pd 3/Gt 1-4. Hal 142)

Adhedhasar dhata ing ndhuwur bisa dimangerteni manawa pethikan (LD10. STN. Pd 1/Gt 1-4. Hal 140), (LD10. STN. Pd 2/Gt 1-4. Hal 140) lan (LD12. RS. Pd 3/Gt 1-4. Hal 142) kalebu ukara epitet utawa identitas. Andharan kasebut bisa dibuktekake ana ing pethikan (LD10. STN. Pd 1/Gt 1-4. Hal 140) yaiku kang nuduhake idhentitase wong wadon sing nganggo klambi biru lan jebule yaiku anake pak Setu. Pethikan (LD10. STN. Pd 2/Gt 1-4. Hal 140) yaiku ukarane ‘**Prawan ndesa sing katon lugu**’ lan ‘**Awake cilik ora pati lemu**’ saka ukara kasebut, pangripta kepengin nuduhake idhentitase pawongan sing asale saka ndesa lan perawakane sedhengan yaiku cilik ora pati lemu. Pethikan (LD12. RS.

Pd 3/Gt 1-4. Hal 142) yaiku ukara ‘*cewek seksi rambute semiran*’, saka ukara kasebut nuduhake idhentitase wong wadon sing gawe bojone kecanthol, dene idhentitase yaiku wong wadon sing nduwe perawakan seksi lan rambute disemir.

Saka andharan kasebut, pangripta nggunakake ukara epitet utawa idhentitas nduweni tujuwan yaiku kanggo nuwuhake kaendahan lumantar ukara-ukara sing isine ngenani sipat, titikan, lan gegambarane manungsa.

PANUTUP

Sajrone bab panutup iki, bakal diandharake ngenani babagan sing wigati, yaiku ngenani dudutan lan pramayoga. Bab kasebut bakal diandharake ing ngisor iki:

Dudutan

Adhedhasar analisis kang wis dilakokake ing lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama bisa didudut ngenani pamilihe tembung lan lelewane basa antarane yaiku :

Sajrone panliten ksebut sing paling onja yaiku ing titi swara (fonologi) yaiku ngandhut swara-swara kang maknane ngenani katresnan lan panguripane bebrayan ing saben dina., titi tembung (morfologi) ngandhut tembung-tembung kang makanane ngenani katresnan lan panguripane bebrayan, ing titi ukara (sintaksis) ngandhut ukara-ukara kang isine ngenani negesake samubarang sing dikarepake dening pangripta, ing titi makna (semantik) ngandhut makna-makna ngenani panguripane bebrayan lan katresnan.

Pamilihe tembung lan lelewane basa sing paling onja yaiku ing babagan pamilihe tembung pangripta kerep nggunakake citraan kang diasilake saka rangsangan pancadriya pangripta kanthi dituwuhake ing ukara-ukara kang endah. lelewane basa pangripta kerep nggunakake ukara epitet utawa idhentitas dhiri kanggo nggambarake objek kang ana sajronig asil reriptane.

Saka andharan kasebut bisa didudut manawa Wagiran Pratama iku ngandhutake teges katresnan lan ngenani uripe bebrayan ing sajrone reriptane yaiku kang arupa lirik lelagon tayub gaya Tulungagung. Saliyane iku kanggo nguatake teges kasebut, Wagiran Pratama nggunakake basa-basa rinengga kang ngandhut pamilihe tembung lan lelewane basa.

Pramayoga

Ing panliten iki mung ngrembug saperangan ngenani pamilihe tembung lan lelewane basa sajrone lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama. Aspek-aspek liyane kang gegayutan karo pamilihe tembung lan lelewane basaisih durung ditliti lan dionceki kanthi gamblang, mula panliten iki perlu dianakake maneh

supaya oleh asil kang pepak lan mentes. Saliyane iku uga bisa menehi gegambarane ngenani babagan kaendahan basa kang digunakake pangripta lan menehi teges kang kinandhut sajrone karya sastra arupa lirik lelagon tayub anggitane Wagiran Pratama.

KAPUSTAKAN

- Arifin, Zaenal lan Junaiyah. 2009. *Morfologi bentuk, makna, dan fungsi edisi kedua*. Jakarta: PT. Pusaka Mandiri.
- Bungin, Burhan. 2001. *Metodologi Penelitian Sosial*. Surabaya. Airlangga University press.
- Chaer, Abdul. 2003. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Surana, S., Hum, M., I Dewa Putu Wijana, S. U. M. A., & Poedjosoedarmo, S. (2015). *Variasi Bahasa dalam Stiker Humor* (Doctoral dissertation, Universitas Gadjah Mada).
- Keraf, Gorys. 2006. *Diksi dan Gaya Bahasa, Komposisi Lanjutan 1*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- . 2009. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Ende Flores: Nusa Indah.
- . 2010. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Pengantar Pemahaman Dunia Anak*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Padmosoekotjo. 1953. *Ngrengngrengan Kasusastraan Djawa*. Surakarta.
- Poedjosoedarmo, Soepomo. 1979. *Morfologi Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1937. *Baoesastra Djawi*. Tokyo.
- Puspitasari, M., & Basir, D. U. P. M. (2015). Pamilihe Tembung lan Lelewane Basa Sajrone Antologi Geguritan Bakal Terus Gumebyar anggitane Suci Hadi Suwita (Tintingan Stilistika). *Jurnal Mahasiswa Teknologi Pendidikan*, 3(3).
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Saputra, Karsono.M. 2012. *Puisi Jawa Struktur dan Estetik* Sasangka, Sri Satriya TW. 1989. *Paramasastra Jawa Gagrag Anyar*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Tekhnik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudjiman, Panuti. 1993. *Bunga Rampai Stilistika*. Jakarta: Pustaka Utama Grafis.
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: CV Alfabeta.
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Menulis Sebagai Suatu Ketrampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: PT. Girimurti Pusaka.

- Tim Penyusun. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Tiga*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Verhaar, J.W.M. 2008. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- . 2010. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.a. Jakarta: Wedatama Widya Sastra.

